



**USCIS
Ap Akeyi
Refijye
ak Moun
ki Mande
Azil yo**



**U.S. Citizenship
and Immigration
Services**

USCIS ap Akeyi Refijye ak Moun ki Mande Azil yo

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon ameriken (USCIS), ki fè pati Depatman Sekirite Enteryè ameriken an (DHS), ap akeyi w Ozetazini kòm refijye oswa moun ki mande azil. Nou apresye kalifikasyon w ak valè w, nou vle ede w enstale nan kominote w la, epi pou w reyisi lavi w Ozetazini, Epitou, nou vle pataje enfòmasyon sou jan w ka vin yon sitwayen ameriken.

Bwochi sa a pwal ede w aprann sou jan pou w enstale w Ozetazini, epi konprann dwa, responsabilite, ak empòtans sitwayènte ameriken an. Lè w vin yon sitwayen ameriken, ou gen menm dwa ak tout ameriken epi sa kreye yon santimam apatenans pataje pou ou ak sitwayen parèy ou yo.

Dwa ak Responsabilite

Antanke refijye oswa moun ki mande azil ki ap viv Ozetazini, ou gen anpil dwa, menm jan ak lòt moun ki ap viv isit la. Nan kèk dwa sa yo gen libète pou pale, libète relijyon, ak libète pou reyini.



Ou gen responsabilite tou. Ozetazini, tout moun dwe respekte lalwa. Fò ke ou konprann lwa Ozetazini yo paske yo ka diferan ak lwa lòt peyi kote w te konn viv yo. Lè w aprann istwa, gouvènman, ak kilti ameriken an, sa pwal ede w santi w tankou lakay ou, isit la.

Ou gen dwa pou:

- Viv nenpòt kote Ozetazini
- Travay Ozetazini
- Kite epi retounen Ozetazini sou sèten kondisyon
- Ale nan lekòl piblik jouk yon sèten laj, dapre lwa leta a
- Aplike pou yon kat Sekirite Sosyal san restriksyon
- Aplike pou yon lisans pou kondwi oswa lòt fòm idantifikasyon gouvènman nan eta oswa teritwa kote w ye a
- Aplike pou w vin yon rezidan pèmanan legal, epi yon sitwayen ameriken yon fwa ou kalifye pou sa
- Mande pou mari/madanm ou oswa timoun ou ki pa marye resevwa azil oswa estati refijye pou viv Ozetazini
- Fè lapolis konnen lè gen krim oswa abi, epi resevwa èd nan men yo

Ou gen responsabilite ak obligasyon pou:

- Mande pèmisyon pou tounen Ozetazini anvan w deplase, lè w aplike pou yon dokiman vwayaj pou refijye, menmsi w se yon moun ki mande azil
- Obeyi tout lwa federal, leta, ak lokal yo
- Peye taks federal, leta, ak lokal yo, si sa aplikab

- Enskri nan lis ofisyèl lame (pou si gen lagè) si w se yon gason ki gen ant 18 rive 26 zan
- Fè USCIS konn nouvo adrès ou, pa pita ke 10 jou apre w fin chanje kay
- Voye timoun ou yo, ki minè, lekòl
- Aplike pou estati rezidan pèmanan legal apre w fin pase 1 nan Ozetazini

Enstale w Ozetazini

Ozetazini, chak nivo nan gouvènman an jwe yon wòl diferan nan ede w enstale w. Ou ka antre an kontak ak biwo gouvènman lokal, leta, epi federal yo pandan pwosesis reyenstale w lan.



Kontakte kowòdonatè refijye nan eta kote w ye a, kowòdonatè sante pou refijye nan eta a, ajans reyenstalasyon oswa yon òganizasyon kominotè lokal ki ap travay ak imigran yo pou dirije w nan pwogram èd gouvènman an bay, ki bon pou ou an. Anpil pwogram èd gouvènman an gen peryòd kalifikasyon limite, ki kòmanse apati de dat ou te jwenn azil oswa yo te kite w antre antanke refijye a.

Si w bezwen èd pou aprann angle, ou ka enskri nan yon kou angle. Tchecke ak ajans reyenstalasyon, bibliyotèk piblik, ajans sèvis sosyal, oswa kote w al lapriyè pou jwenn enfòmasyon sou kou angle yo ak lòt kou epi sèvis yo.

Pwochen Etap yo nan Pwosesis Imigrasyon w lan

Si w te antre Ozetazini antanke yon refijye nan 2 zan ki pase yo oswa w te resevwa estati moun ki mande azil nan 2 zan ki pase yo, ou ka aplike pou kèk manm nan fanmi w vin jwenn ou isit la.

Ou ka fè demann pou manm fanmi ki vin apre la:

- Mari/madanm
- Timoun (ki pa marye epi ki pokogen 21 nan, pwemye fwa ou te aplike pou azil oswa estati refijye a)

Ou dwe depoze Fòm I-730 lan, Refugee/Asylee Relative Petition, ak USCIS nan lespas 2 zan apre w fin jwenn azil oswa yo fin kite ou antre antanke refijye a, oswa pwouve rezon imanité pou pwolonje peryòd 2 zan an. Fòm sa a disponib nan uscis.gov/i-730.

Rezidans Pèmanan Legal

Yon rezidan pèmanan legal (moun ki gen Grinkat) se yon moun ki te resevwa otorizasyon pou viv ak travay Ozetazini sou yon baz pèmanan. Kòm prèv pou estati sa a, yo bay moun nan yon Kat Rezidan Pèmanan, ke moun plis rele Grinkat [Alyenkat]. Lè w gen yon Grinkat, sa mete w sou chemen pou w aplike pou sitwayènte ameriken nèt (plis detay pi ba).

- Refijye yo **dwe** aplike pou yon Kat Rezidans Pèmanan 1 nan apre yo rive Ozetazini. Refijye yo dwe gen 1 nan depi ya pe viv Ozetazini, nan moman yo depoze aplikasyon yo a.
- Moun ki mande azil yo **ka** aplike pou yon Kat Rezidan Pèmanan 1 nan apre yo fin jwenn azil la. Moun ki mande azil yo dwe ap viv Ozetazini depi 1 nan antanke moun ki mande azil, nan moman yo depoze aplikasyon yo a.

Pou aplike pou estati rezidan pèmanan legal, epi pou jwenn yon Kat Rezidan Pèmanan, ranpli Fòm I-485 lan, Aplikasyon pou Enskri antanke Rezidan Pèmanan oswa pou Chanje Estati. Fòm sa a disponib nan [uscis.gov/i-485](https://www.uscis.gov/i-485). Byen ke moun ki mande azil yo gen pou peye yon lajan pou ranpli Fòm I-485 la, li gratis pou refijye yo lè ya pe ranpli Fòm I-485. Óganizasyon kominotè yo, ladann ajans reyenstalasyon lokal ou a, ka ede w nan pwosesis sa a.

Refijye yo

Si w se yon refijye, ou dwe dapre lalwa aplike pou vin gen estati rezidan pèmanan legal, 1 nan apre w fin antre Ozetazini antanke yon refijye.

Aplike pou rezidans pèmanan legal

Ranpli Fòm I-485 lan, Aplikasyon pou Enskri w antanke Rezidan Pèmanan oswa pou Chanje Estati. Refijye yo pa peye okenn kòb pou depoze Fòm I-485 oswa la pou sèvis anprend ak foto.

Ou kalifye pou aplike si w:

- Rete Ozetazini depi omwen 1 nan apre w te kite w rantre antanke yon refijye;
- Rete Ozetazini nan moman ou depoze Fòm I-485 ou an;
- Rantre, ak pèmisyon yo,
Ozetazini antanke yon imigran; epi
- Pa pèdi estati refijye w genyen an.

Ale sou [uscis.gov/i-485](https://www.uscis.gov/i-485) ak [uscis.gov/greencard/refugees](https://www.uscis.gov/greencard/refugees) pou plis enfòmasyon.

Aplike pou sitwayènte ameriken

Ou ka kalifye pou natiralizasyon si w se yon rezidan pèmanan legal depi anpil ane epi w respekte tout lòt kondisyon ke yo mande w yo. Tanpri, ale sou [uscis.gov/citizenship](https://www.uscis.gov/citizenship) pou plis enfòmasyon.

Moun ki mande azil yo

Si w se yon moun ki mande azil, ou kalifye pou aplike pou estati rezidan pèmanan legal, 1 nan apre w fin jwenn azil la si w te kenbe rezidans ou an pandan tout tan sa a; men, ou pa oblige aplike.

Aplike pou rezidans pèmanan legal

Ranpli Fòm I-485 lan, Aplikasyon pou Enskri pou Rezidans Pèmanan oswa pou Chanje Estati, epi peye lajan yo mande w lan pou depo ak sèvis anprent ak foto yo.

Ou kalifye pou aplike si w:

- Rete Ozetazini depi omwen 1 nan apre w te fin jwenn azil la;
- Rete Ozetazini nan moman ou depoze Fòm I-485 ou an;
- Kontinye konfòme w ak sa yon refijye ye, oswa w se mari/madanm oswa pitit yon refijye;
- Pa enstale nèt nan okenn peyi etranje;
- Rantre, ak pèmisyon yo, Ozetazini antanke yon imigran; epi
- Pa pèdi estati refijye w genyen an.

Ale sou [uscis.gov/i-485](https://www.uscis.gov/i-485) ak [uscis.gov/greencard/asylees](https://www.uscis.gov/greencard/asylees) pou plis enfòmasyon.

Aplike pou sitwayènte ameriken

Ou ka kalifye pou naturalizasyon si w se yon rezidan pèmanan legal depi anpil ane, epi w respekte tout lòt kondisyon ke yo mande w yo. Tanpri, ale sou [uscis.gov/citizenship](https://www.uscis.gov/citizenship) pou plis enfòmasyon.

Sitwayènte

Sitwayènte se pwen komen ki konekte tout ameriken yo. Nou se yon nasyon ki pa ini pou tèt ras oswa reliyon, men, pou tèt valè nou pataje yo sou libète, ak egalite. Lè w vin yonsitwayen ameriken, ou ap ka bay opinyon w sou jan pou yo dirije nasyon nou an.

Konpòtman w antanke yon rezidan pèmanan legal ka afekte posibilité pou w vin yon sitwayen ameriken pita. Pwosesis pou vin yon sitwayen ameriken an rele natiralizasyon. Ou dwe gen tout kondisyon ke yo mande yo pou w natiralyze antanke yon sitwayen ameriken.



An jeneral, apre yon sèten kantite ane antanke yon rezidan pèmanan legal, ou ka aplike pou natiralizasyon. Refijye ak moun ki mande azil yo ka aplike pou natiralizasyon 5 kan apre dat yo te pèmèt yo jwenn rezidans pèmanan legal la. Yo te pèmèt moun ki mande azil yo jwenn estati rezidan pèmanan legal 1 nan anvan yo apwouve Fòm I-485 yo a. Yon fwa yo apwouve Fòm I-485 yo, yo pèmèt refijye yo jwenn estati rezidans pèmanan legal yo a apati de dat yo te rive Ozetazini an.

Pou jwenn yon lis sou tout kondisyon yo mande pou natiralizasyon yo, ale sou uscis.gov/citizenship. Pami kondisyon obligatwa yo, gen sa ki vin apre la:

- Ou dwe rete Ozetazini pandan yon sèten peryòd de tan.
- Ou dwe kontinye ap viv Ozetazini.
- Ou dwe se yon moun ki gen kondwit.
- Ou dwe ka pale, li, ekri, epi konprann yon angle de baz, epi w dwe gen yon konpreyansyon sou istwa ak gouvènman Ozetazini an (enstriksyon sivik).
- Ou dwe dakò ak prensip ak ideyal ki nan Konstitisyon ameriken an, epi dispoze pou sèmante ke w ap kanpe ak, pou Etazini.

Pou aplike pou natirализаyon, ranpli Fòm N-400 an, Aplikasyon pou Natirализаyon, sou entènèt nan [uscis.gov/n-400](https://www.uscis.gov/n-400). Ou ka peye tou sou entènèt pou Fòm N-400 ansanm ak anprent ak foto w yo. Gen kèk eksepsyon ak chanjman sou kondisyon natirализаyon yo pou moun ki kalifye yo. Epitou, USCIS fè aranjman pou moun ki limite/enfim yo. Anpil òganizasyon kominotè, tankou ajans reyenstalasyon lokal yo, ka ede w prepare pou natirализаyon.



Gen kèk avantaj, dwa, ak responsabilite ki mache ak sitwayènte ameriken, tankou posibilité pou vote nan eleksyon federal yo, sèvi nan yon jiri, vwayaje ak yon paspò ameriken, al dèyè travay federal, epi vin yon reprezantan ke yo eli.

Kontakte USCIS

Ale sou uscis.gov pou jwenn enfòmasyon anplis, pou tcheke kote yo rive nan dosye w, oswa pou jwenn yon biwo USCIS. Ou ka rele USCIS gratis nan 800-375-5283. Pou moun ki soud, ki gen difikilte pou tandem oswa ki gen yon pwoblèm pou pale, rele TTY 800-767-1833. Sèvis la disponib an angle ak panyòl. Ou ka ale nan uscis.gov/contactcenter pou Sant Kontak USCIS la. pou Sant Kontak USCIS la.

Resous USCIS

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini (USCIS)

USCIS ap sipèvize imigrasyon legal Ozetazini. Aprann kijan pou aplike pou Grinkat ou, pou vin sitwayen ameriken, reyini ak fanmi w, jwenn pèmisyon pou vwayaje aletranje, ak plis.

Resous pou refijye ak moun ki mande azil yo
uscis.gov/howdoi/refugeesasylees

Nou ap akeyi w Ozetazini: Yon Gid pou Nouvo Imigran yo

Gid sa a fè w konnen yon seri de enfòmasyon de baz ke ou menm ak fanmi w bezwen pou viv chak jou Ozetazini. Li eksplike dwa ak responsabilite w genyen, vini ak ide pou w patisipe nan komunitate lokal ou a, epi li ede w fè plan pou aplike pou sitwayènte ameriken yon fwa ou vin yon rezidan pèmanan legal.

uscis.gov/newimmigrants

Enstale Ozetazini

Paj entènèt sa a ap ba w enfòmasyon sou Ozetazini, edikasyon ak gadri timoun, ijans ak sekirite, vwayaj andeyò Etazini, travay, enstale Ozetazini, avantaj gouvènman an bay, swen sante, ansanm ak lajan epi finans [Kòb an jeneral].

uscis.gov/tools/settling-us

Resous USCIS

Sant Resous pou Sitwayènte

Sit entènèt sa a bay zouti ki fòme ak enfòmasyon pou ede w prepare w pou sitwayènte ameriken.

uscis.gov/citizenship

Evite Magouy

Si w bezwen konsèy legal sou kesyon imigrasyon, asire w moun ki ap ede w la gen otorizasyon pou bay konsèy legal. Se sèlman yon avoka oswa yon moun ke leta rekonèt ki ap travay pou yon òganizasyon ke Depatman lajistis ameriken an rekonèt, ki ka ba w konsèy legal.

uscis.gov/avoid-scams

uscis.gov/avoid-scams/find-legal-services

Fòm yo

Itilize **Form I-765** lan pou aplike pou otorizasyon travay [kat travay], pou renouve otorizasyon w lan [kat w a], oswa pou ranplase dokiman w.

uscis.gov/i-765

Itilize **Form I-730** lan pou fè mari/madanm oswa timoun ou antre Ozetazini.

uscis.gov/i-730

Itilize **Form I-131** an pou mande pèmisyon pou retounen Ozetazini lè w jwenn yon dokiman vwayaj pou refijye.

uscis.gov/i-131

Itilize **Form I-485** lan pou aplike pou estati rezidan pèmanan legal si w Ozetazini.

uscis.gov/i-485

Itilize **Form N-400** an pou aplike pou sitwayènte ameriken.

uscis.gov/n-400

Itilize **Form AR-11** lan pou asire w adrès ou ajou nan USCIS.

uscis.gov/ar-11

Resous USCIS

myUSCIS

Jwenn enfòmasyon ki ajou sou pwoesisis pou w aplike pou avantaj imigrasyon yo, zouti pou ede w prepare w pou natirализаsion, ak resous pou jwenn kou pou prepare w pou vin sitwayen, ansam ak doktè nan kominate lokal ou a. Aprann kijan pou depoze yon aplikasyon oswa demann sou entènèt epi pou jwenn enfòmasyon sou dosye w lè w kreye yon kont sou entènèt.

my.uscis.gov

Lòt Resous Federal

Tablo ki vin apre a, bay enfòmasyon anplis sou sèvis gouvènman federal la bay refijye ak moun ki mande azil yo.

Resous Gouvènman Federal yo

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken

Administrasyon pou Timoun ak Fanmi

Biwo pou Reyenstale Refijye (ORR)

Si w se yon refijye, yon moun ki mande azil, oswa yon manm nan fanmi moun sa a, ou ka kalifye pou resevwa èd ak sèvis nan ORR. ORR bay lajan, epi dirije plizyè pwogram ki bay lajan kach ak èd doktè, preparasyon pou travay, travay, ak staj nan lang angle. Nan anpil nan pwogram sa yo, tan pou kalifye an limite; li kòmanse apati de dat yo te ba w azil oswa apati de dat ou te antre Ozetazini antanke yon refijye.

Ou dwe chèche konnen si w kalifye pou youn nan pwogram sa yo pi vit ke li posib, si w enterese nan youn ladan yo.

Kowòdonatè leta pou refijye yo/kowòdonatè leta a pou sante refijye yo

acf.hhs.gov/orr/resource/orr-funded-programs-key-contacts

Resous Gouvènman Federal yo

Pwogram ak resous leta

acf.hhs.gov/orr/state-programs-annual-overview

Resous pou asirans sante

acf.hhs.gov/orr/health

Resous nan Kesyon kay bon mache

acf.hhs.gov/orr/resource/finding-affordable-housing

Resous pou travay

acf.hhs.gov/orr/employment-resources

Depatman Deta Ameriken

Biwo Popilasyon, Refijye, ak Migrasyon

Pwogram Akèy ak Plasman

Si yo apwouve estati refijye w Ozetazini, ou te patwonen pa yon ajans reyenstalasyon ki patisipe nan Pwogram Akèy ak Plasman an, yon pwogram Depatman deta ameriken an ap dirije. Ajans ki patwonen w la responsab pou l plase w nan youn nan biwo lokal li yo, epi pou ba w pwemye sèvis yo, tankou kote pou rete, mèb esansyèl [ke w pa ka fè san li] yo, manje, rad, dirije w ak ede w jwenn lòt sèvis sosyal, doktè, ak travay pandan pwemye 30 rive 90 jou ou pase Ozetazini an. **Lè w rive Ozetazini antanke yon refijye, ajans reyenstalasyon lokal ou a se pwemye kote w dwe ale pou jwenn èd pou enstale w.**

state.gov/refugee-admissions/reception-and-placement

Depatman Deta Ameriken

Biwo Popilasyon, Refijye, ak Migrasyon

Direksyon Pataj Resous Kiltirèl (CORE)

Depatman deta ameriken an met kòb deyò, pou pèmèt CORE ofri yon pakèt resous kiltirèl pou dirije refijye ki vin Ozetazini yo. Nan sit entènèt sa a gen dokiman nan

Resous Gouvènman Federal yo

plizyè lang tankou Arab, Fasi, Kinyawannda, Swayili, ak Somalyen. CORE pwal ede w antre nan kilti w, Ozetazini. **Tcheke CORE depi kounye a, pou aprann plis sou travay, kay, swen sante, kontwòl lajan, ak plis ankò pou ede w adapte ak lavi Ozetazini an.**

[SettleinUS.org](#)

Depatman Travay Ameriken (DOL)

DOL favorize, ankouraje epi devlope byennèt moun ki gen salè [ki ap touche], moun ki ap chèche travay yo, ak moun ki pran retrèt yo, Ozetazini; li fè efò pou bay opòtinite travay ki rapòte lajan; epi li garanti avantaj ak dwa ki vin ak travay la. **Voye yon koudje nan [careeronestop.org](#). Li ka ede w jwenn travay ak fè staj nan kominate w la.**

Resous sou dwa travayè

[dol.gov](#)

Sant Ameriken pou Travay
(DOL ap patwone I)

[careeronestop.org](#)

877-US2-JOBS (877-889-5627 (TTY))

Depatman Lajistis Ozetazini

Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye

Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye nan Depatman lajistis Ozetazini an, ap veye pou yo respekte atik ki kont diskriminasyon ki nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasionalite a. Lwa sa a anpeche patwon yo fè diskriminasyon ki baze sou estati sitwayènte ak peyi kote moun nan sòti, lè yo ap pran moun pou travay, revoke, oswa chèche moun, oswa rekòmande pou yon lajan. Epitou, li anpeche zafè itilize dokiman malonèt yo ak revanch, oswa entimidasyon. **Si w panse yo fè w yon injistis lè w ap eseye jwenn yon travay, oswa nan yon travay ou gen deja, pou tèt kote w soti a, oswa paske w se yon moun ki mande azil, oswa yon refiye, Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye a ka ede w.**

Resous Gouvènman Federal yo

Resous sou diskriminasyon nan travay ki baze sou sitwayènte oswa estati imigrasyon
justice.gov/crt/immigrant-and-employee-rights-section

800-255-7688 (800-237-2515 (TTY))

Administrasyon Sekirite Sosyal

Yon nimewo Sekirite Sosyal nesesè pou jwenn yon travay, pou jwenn avantaj nan Sekirite Sosyal, epi pou aplike nan lòt sèvis gouvènman yo. ***Yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal nesesè. Ale sou sit entènèt sa a pou jwenn enfòmasyon byen presi pou refijye ak moun ki mande azil yo.***

ssa.gov/people/immigrants

800-772-1213 (800-325-0778 (TTY))

USCIS te achte dwa pou itilize anpil nan foto yo nan USCIS ap Akeyi Refijye ak Moun ki Mande Azil yo. USCIS gen otorizasyon pou itilize foto sa yo sou yon baz ki pa pou li sèlman epi ke li pa ka pase bay on lòt. Tout lòt dwa sou foto yo, tankou san limit ak repwodiksyon, rete nan men mèt foto yo. Foto sa yo pa nan domèn publik la, epi yo ka sèlman itilize yo jan yo parèt la, tankou yon pati nan publikasyon sa a.



**U.S. Citizenship
and Immigration
Services**

uscis.gov